



Pou Piblikasyon Imedya: 08/20/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO FAZ INISYATIV NANO UTICA AVÈK PRESKE 2,000 NOUVO DJÒB KE YO PREVWA AK PLIS PASE \$2 MILYA NAN ENVESTISMAN PRIVE

ams – yon lidè mondyal nan teknoloji kaptè avanse – pou jenere plis pase 1,000 nouvo djòb e inisyaman investi \$2 milya pou sipòte nouvo etablisman manifakti modèn

GE Global Research ak SUNY Poly ap devlope izin anbalaj enèji elektwonik pou kreye preske 500 djòb nan faz inisyal, finalman devlope preske 920 sou dizan

Inisyativ Nano Utica kounye a prevwa pou l kreye plis pase 4,000 djòb an total sou dis pwochen ane yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lidè teknoloji global ams AG, yon konpayi milti-nasyonal ki kreye solisyon adaptè wo pèfòmans ak IC ananlòg, planifye pou jenere plis pase 1,000 nouvo djòb e inisyaman investi plis pase \$2 milya pou sipòte yon etablisman modèn fabrikasyon wafer 360,000 pye kare kap konstwi nan sit Nano Utica nan Marcy.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke GE Global Research pral elaji operasyon global New York li nan Mohawk Valley, sèvi kòm lokatè prensipal Sant Komèsyalizasyon Plakèt Ódinatè (QUAD C) sou kanpis SUNY Polytechnic Institute's Colleges of Nanoscale Science ak Engineering nan Utica. Yo prevwa preske 500 djòb ap kreye nan Mohawk Valley nan pwochen senkan kap vini yo nan SUNY Poly, GE ansanm avèk kòporasyon ki afiliye yo ak yon lòt 350 kap vini senkan apre.

Patenarya piblik-prive sa yo reprezante lansman nouvo faz inisyativ Nano Utica Gouvènè a, ki kounye a depae plis pase 4,000 djòb ki prevwa sou dis pwochen ane yo. Fèt pou repwodui siksè spektakilè SUNY Poly Nanotech Megaplex nan Albany, NANO Utica plis simante rekonesans entènasyonal New York kòm yon sant ekselans pou inovasyon, nano-teknoloji 21yèm syèk la, edikasyon, ak devlopman ekonomik.

“Sa a se yon moman transfòmatif ki pral fè yon diferans nan lavi moun yo nan Mohawk Valley pou jenerasyon kap vini yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pandan ane ki sot pase yo, nou te travay pou ranvèse negativite epi investi nan Upstate NY – e jodia nap pran yon lòt gwo etap pwogrè. Avèk GE ak ams kap rejwenn inisyativ Nano Utica, nap

wè elan ekonomi rejyon an ap rasanble tankou jamè anvan. Mohawk Valley ap kòmanse yon revolisyon ekonomik otou nano-teknoloji, e mwen kontan pou m wè rejyon an demare ak pwospere, alafwa jodia e nan ane kap vini yo.”

Dr. Alain Kaloyeros, Prezidan ak Ofisye Egzekitif Anchèf SUNY Polytechnic Institute, te deklare, “Anons Gouvènè Andrew Cuomo jodia reprezante yon gwo ekspansyon pou Quad-C ansanm avèk inisyativ Nano Utica e li se yon viktwa fòmidad pou Mohawk Valley ansanm avèk tout Eta New York. Patnè renome mondyal tankou GE Global Research ak AMS te ogmante nivo prestij pou tout rejyon an epi akselere delvopman rezo entènasyonal sa a pou teknoloji ak inovasyon. Modèl devlopman ekonomik pyonye Gouvènè Cuomo, makonnen avèk resous ak espesyalite nivo mondyal CNSE SUNY Poly, kontinye pou jenere investisman istorik ak kreyasyon travay nan tout eta. Nou akeyi GE ak AMS ansanm avèk ekip lidèchip yo e nap rete tann kolaborasyon yo nan kwasans kontinyèl Nano Utica.”

ams | Izin Manifakti Modèn

An patenarya avèk Eta New York, SUNY Poly CNSE, Fort Schuyler Management (FSMC) ak Mohawk Valley Edge, ams pral konstwi, ekipe epi opere etablisman modèn fabrikasyon wafer 200/300 mm pou sipòte operasyon semi-kondiktè analòg wo pèfòmans konpayi an.

Konstriksyon ams fab prevwa pou l kòmanse nan prentan 2016 nan sit 450-kawotè Marcy Nanocenter. Acha imobilizasyon, depans eksplwatasyon ak lòt investisman nan etablisman sou premye 20 ane yo te estime a plis pase \$2 milya. ams pral kreye epi kenbe plis pase 700 djòb aplentan epi antisipe kreyasyon omwen 500 dijòb sipò adisyonèl ki soti de kontraktè, sou-kontraktè, founisè, ak patnè yo ki nesèsè pou etabli eko-sistèm konplè ki nesèsè pou pèmèt operasyon manifakti avanse.

Ofisye Anchèf Operasyon ams Dr. Thomas Stockmeier te deklare, “Bati yon nouvo wafer fab pral ede nou reyalize plan kwasans nou epi reponn a demann kap ogmante pou travay manifakti avanse. Dezisyon nou pou lokalize nan New York te motive pa mendèv ki otman kalifye, distans nan estim edikasyon ak enstitisyon rechèch, ak anvwonman biznis faborab ke Gouvènè Cuomo te bay ansanm avèk tout patnè piblik ak prive ke nap travay avèk yo a sou pwojè enpòtan sa a.”

ams, ki gen lokal nan plis pase 20 peyi, chwazi pou elaji kapasite manifakti li nan Eta New York kòm yon rezilta nan lidèchip kontinyèl inovasyon teknoloji ak opòtinite pou gen aksè a espesyalizasyon nivo mondyal SUNY Poly CNSE ak enfrastrikti, ansanm avèk modèl patenarya piblik-prive reyisi Gouvènè Cuomo ak rekonpans devlopman biznis agresif.

Anplis, ams pral kolabore avèk FSMC ak SUNY Poly sou yon pwogram delvopman konjwen pou sipòte rechèch konplemantè, komèsyalizasyon ak opòtinite fòmasyon mendèv nan etablisman SUNY Poly nan tout Eta New York, elaji ak amelyore gwoup wo teknoloji kap grandi pase toutan ki santre nan Albany nan SUNY Poly CNSE.

GE Global Research |Etablisman Anbalaj Power Electronics

GE Global Research ak SUNY Poly pral devlope yon etablisman anbalaj Power Electronics nan QUAD C ki pral avanse lidèchip New York nan pwochen jenerasyon rechèch semi-kondiktè, devlopman, ak fabrikasyon komèsyal pou reponn a demann mondyal pou aparèy ki pi piti, pi rapid ak pi efikas. Sa a pral elaji etandi inisyativ Nano Utica apati komèsyalizasyon plakèt òdinatè an pwisans aplikasyon elektwonik pou pwodui endistriyèl yo tankou tibin van, konvètisè solè a echèl sèvis piblik, sant done ak machin ibrid. Teknoloji kabrid silisyòm GE se yon nouvo platfòm materyèl sou sa pwochen jenerasyon aparèy enèji a pral bati, pèmèt enèji ki pi elve nan anbalaj ki pi piti ak pi efikas.

Mark Little, Vis Prezidan Prensipal ak Ofisye Teknoloji Anchèf GE, te deklare, “Ansanm avèk Eta New York ak SUNY Polytechnic Institute nan Albany, e kounye a Utica, nap kreye yon koridò Kabid Silikòn ki pral sant prensipal nouvo revolisyon an enèji. Nan Utica, li pral elaji konsantrasyon sou komèsyalizasyon plakèt òdinatè pou kreye premye Sant Manifakti Etazini ki baze sou Pwisans Elektwonik avèk teknoloji kabid silikòn GE. Nou vle konplimante Gouvènè Cuomo ansanm avèk Dr. Kaloyeros paske yo te bay etensèl ki pral atire anpli lòt gwo konpayi ak travay pou Mohawk Valley.”

Teknoloji anbalaj avanse enpòtan nan devlopman plakèt òdinatè ki pi pwisan ak pi rapid, ansanm avèk plakèt kabid silikòn pou aplikasyon pwisans elektwonik. Yo refere a kondiktè yo ki konekte sikwi yo, bay enèji, epi dechaje chalè pou kenbe plakèt yo fonksyone komsadwa. Etablisman anbalaj la nan QUAD C pral kondwi a pwogrè komèsyal nan yon varyete aplikasyon ki klase soti nan defans, sipè-enfòmàtik, tablet, telefòn selilè ak yon kantite aplikasyon pwisans elektwonik.

Etablisman anbalaj la se yon konpozan enpòtan nan New York Power Electronics Manufacturing Consortium, patenarya rechèch semi-kondiktè piblik-prive \$500 milyon Gouvènè a ki gen ladan plis pase 100 konpayi. Baze nan SUNY Poly Megaplex nan Albany avèk patnè prensipal tankou GE ak IBM, Konsòsyòm lan ap kondwi materyèl rechèch kowòdone ak kreyasyon travay nan koridò Upstate.

Egzekitif Konte Oneida Anthony J. Picente, Jr. te deklare, “Grasa sipò Gouvènè a ak pwojè Nano Utica, Konte Oneida sou wout pou yon ekonomi ki pi vibran ak pi ansante. Pwojè patikilye sa a bay egzanp sou sa nou ka fè lè sektè prive a ap note tout sa Mohawk Valley gen pou ofri. Mwen fyè pou m devlope patenarya nou te fè avèk eta e ansanm, nou pral kontinye santre sou kesyon yo ki pi konte pou Konte Oneida ak rejyon Mohawk Valley.”

Majistra Utica Robert Palmieri te deklare, “Inisyativ Nano Utica ap revolisyone ekonomi lokal la, pote konpayi global yo, plizyè milya dola nan envestisman prive, ak plizyè milye djòb nan rejyon nou an. Sa a se yon bagay mwen pat ka janm imajine yon deseni de sa, e se grasa Gouvènè Cuomo ke pwojè fòmida sa ap pran fòm nan pwòp lakou nou an. Mwen kontan pou m wè Nano Utica prale delavan, e mwen kontan pou m kontinye patenarya avèk Gouvènè a ansanm avèk patnè nou yo pou kenbe ekonomi Utica ale delavan.”

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “Jodia, Mohawk Valley pran pwochen gwo etap li nan avni 21yèm syèk la. Kòm nap akeyi nouvo patenarya G.E. ak teknoloji ams avèk SUNY Polytechnic Institute nan Marcy, nap rete tann posib transfòmasyon ekonomik istorik ke kalite opòtinite sa ka pote nan rejyon nou an kòm yon lidè nan nano-teknoloji. Kalite travay, nouvo investisman ak kwasans ke anons sa pwomèt ka sèlman ede fè rejyon nou an vin pi gwo ak pi bon, e nou konplimante Gouvènè a pou vizyon stratejik li nan rekonèt tout sa nou gen pou ofri nan pwojè sa a. E pou tout lidè eta, konte ak lokal yo ki pat janm pèdi lafwa kòm yon ekip kolektif ke jou sa te ka vini, nou remèsye w pou pèsèverans ou.”

Manm Asanble Anthony J. Brindisi, te deklare, “Mwen kontan pou m akeyi pwochen faz nan inisyativ Nano Utica. Sa a se yon etap masif pwogrè pou kominote nou an—youn ki bati sou pwogrè ke nou te deja wè epi pote plis pase yon milyon travay anplis pou rejyon an. Gouvènè Cuomo te entèveni sou bezwen kominote nou yo tankou Utica paske li te sou senkan kounye a – e sa a se yon lòt egzanp fòmidad de sa nou ka akonpli avèk sipò ak potansyèl kolektif nou.”

Prezidan Mohawk Valley EDGE Steve DiMeo te deklare, “Pwojè Nano Utica te pote ansanm lespri ki pi bon ak pi briyan avèk kèk nan konpayi de pwent ki pi konpetitif. Jodia se te osijè pou priorize bezwen yo nan rejyon sa a e se egzakteman sa Gouvènè a ansanm avèk pèsònèl li a te fè. Nou te wè yon transfòmasyon nan Mohawk Valley e apre yo te patisipe nan diskisyon jodia, mwen gen konfyans ke pwogrè a pap kanpe la.”

Nano Utica

Nano Utica se plan devlopman \$1.5 milya Gouvènè Cuomo pou revitalize Mohawk Valley nan etabli yon eko-sistèm ki kondwi teknoloji dinamik nano nan repwodui siksè fòmidad SUNY Poly’s College of Nanoscale Science and Engineering nan Albany e li gen QUAD C ak Sant Nano Marcy. Ekspansyon QUAD C gen ladan salklas modèn, laboratwa, edikasyon pratik ak etablisman fòmasyon mendèv, ak biwo entegre ki konpoze 253,000 pye kare. Sal blanch la pral premye nan kalite sa nan peyi a: yon sal blanch 56,000 pye kare ki anpile sou de nivo ki kounye a senk fwa pi gwo pase plan inisyal la.

Annakò avèk modèl devlopman ekonomik ki akse sou inovasyon Gouvènè a, yo pap bay fon piblik a konpayi prive yo. New York pral investi \$250 million nan QUAD C ak Sant Nano Marcy pou sipòte ekipman esansyèl ak amelyorasyon enfrastrikti nan toulède lokasyon yo. Eta pral posede epi jere etablisman sa yo grasa SUNY Poly e kalite investisman eta sa a pral katalize eko-sistèm ekonomik wo-teknoloji Mohawk Valley, atire travay nano-teknoloji adisyonèl ak chèn apwovizyonman konpayi yo pou sipòte epi kontribye nan inisyativ Nano Utica.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418